

**Clinical Coordinating Center**  
Massachusetts General Hospital  
55 Fruit Street, 5LON207  
Boston, MA 02114

**Data Coordinating Center**  
Massachusetts General Hospital  
165 Cambridge Street Suite 400  
Boston, MA 02114

## Evalyasyon Obezite ak Eta Kadyometabolik selon Itilizasyon Inibitè Entegraz nan etid REPRIEVE: Analiz Pondere pa Propansyon yon Kowòt Miltinasyonal Moun ki ap viv ak maladi VIH pou Prevansyon Kadyovaskilè Primè

Emma Kileel, Janet Lo, Heather Ribaud, Steve Grinspoon and colleagues

<https://academic.oup.com/ofid/article/8/12/ofab537/6432304>

Inibitè entegraz - oswa INSTI - se trètman terapi antiretroviral (ART) yo asosye avèk yon priz pwa ki enpòtan, men kote konsekans sou lasante priz pwa sa a toujou enkonni. Objektif ankèt sa a se te pou etidye efè trètman ki baze sou INSTI yo genyen sou BMI (yon mezi ki genyen rapò avèk pwa yon moun parapò avèk wotè li), kontou tay, ak lòt makè kle sante kè, tankou sik, kolestewòl lipoproteyin bas dansite (move kolestewòl), sendwòm metabolik ak tansyon ateryèl ki wo, pami patisipan nan pwojè REPRIEVE ki t ap swiv trètman ART (terapi antiretroviral) inisyalyo a depi omwen 6 mwa.

### ➤ Patisipan:

- 4500 patisipan REPRIEVE
- Laj mwayen, 51 lane
- 23% fanm
- 40% Nwa oswa Afwo-Ameriken

### ➤ Anketè yo te dekouvri trètman ki baze sou INSTI yo te asosye ansanm avèk:

- BMI (endis mas kòporèl) ki wo
- Kontou tay ki wo
- Plis chans pou obezite

### ➤ Anket è yo te dekouvri trètman ki baze sou INSTI yo pa t asosye ansanm avèk:

- Glisemi ajèn ki wo
- Kolestewòl LDL ajèn ki wo
- Plis chans pou sendwòm metabolik
- Plis chans pou tansyon ateryèl ki wo

**An rezime**, pami 4500 patisipan REPRIEVE yo, yo te asosye trètman ki baze sou INSTI yo avèk BMI ki wo, plis chans pou obezite, ak kontou tay ki wo, men pa avèk sik ki wo, kolestewòl LDL, oswa plis chans pou sendwòm metabolik oswa tansyon ateryèl ki wo. Se pami fanm ki sou trètman ki baze sou INSTI yo yo jwenn pi gwo diferans nan BMI ak kontou tay. Dekouvèt sa yo bay kèk asirans sou zafè pwa ki wo ki asosye avèk INSTI pa asosye avèk ogmantasyon risk kadyometabolik, pou majorite patisipan yo, men idantifye sou-gwoup ki gen risk posib pou maladi kadyometabolik yo ta dwe swiv avèk atansyon avèk letan.

REPRIEVE Trial Website: [reprivetrial.org](http://reprivetrial.org)

*Dekouvèt yo pataje nan rezime sa a sòti nan popilasyon REPRIEVE la a yon moman espesifik nan dire a. Dekouvèt sa yo se deskripsyon yo ye epi yo pa fèt nan lide pou chanje swen klinik. Si ou genyen kesyon sou sa ou li yo, tanpri pale avèk manm ekip etid REPRIEVE la nan sit lokal ou a oswa avèk yon founisè swen sante.*